Wikipédia

Megalodon

Megalodon(pocapan jroning basa Inggris /ˈmɛɡələdɒn/ *MEG-ə-lə-don*; artinipun "Untu Gedhé", saka Yunani μέγας (*mega*, "gedhé") lan ὀδούς (*odon*, "untu")) ya iku jinising hiu purba raseksa kang paling kondhang minangka iwak prédator gedhé dhéwé ing jaman biyèn[1].Spesies kang wis cures iki urip kira-kira antarané 28-15 yuta taun kepengker, nalika Era Kenozoikum (Oligosen akhir mlebu ana ing Pleistocene awal).[2] Ukurane yèn dibandingaké karo barang kang ana saiki ibarat kapal pesiar nanging rada gedhé sithik. Hiu iki klebu iwak perairan jero kang jarang munggah kajaba golèk pangan.

Megalodon

Kalamangsa: Miocene-Pliocene, 23–2.6 Ma

PraЄ Є O S D C P T J K PgN

Modèl rahang *C. megalodon* ing American Museum of Natural History.

Klasifikasi ngèlmiah

Karajan:	Animalia
Filum:	Chordata
Klas:	Chondrichthyes
Subklas:	Elasmobranchii
Superordho:	Selachimorpha
Ordho:	Lamniformes
Famili:	Lamnidae utawa †Otodontidae
Génus:	*Carcharodon* utawa †*Carcharocles*
Spésies:	†***C. megalodon***

Jeneng binomial

Carcharodon megalodon* utawa *Carcharocles megalodon

Carcharodon megalodon, Agassiz, 1843

Isi

Panemon
- Glossopetrae
- Idhentifikasi

Fosil
- Fosil Untu
- Fosil balung
- Sebaran Fosil lan Umure

Anatomi
- Ukuran Estimasi
- Prakiran Dawa Total

Cara Mangan

Pratélan Pustaka

Panemon

Glossopetrae

Miturut lapurane Rennaissance, raksasa, fosil untu segitiga asring tinemu tinandur ing formasi wewaton kang prenah uga dipitaya minangka ilat kang dadi watu utawa glossopetrae, saka naga lan sawer. Panafsiran iki dibeneraké nalika taun 1667 déning sawijining tokoh naturalis Denmark, Nicolaus Steno, kang ngumumaké panemuan-panemuan mau minangka untu-untuné iwak hiu kang wis cures.[3] Panjenenganė nyebutaké panemoné

ing sawijining buku,"The head of Shark Dissected",kang uga ngamot ilustrasi C untuné megalodon kang sadurungé dipercaya minangka ilat kang dadi watu.[4]

Sinonim

- *Procarcharodon megalodon* Casier, 1960
- *Megaselachus megalodon* Glikman, 1964
- *Otodus megalodon* Agassiz, 1843

Idhentifikasi

Sawijining Naturalis Swiss,Louis Agassiz,mènèhi jeneng ilmiah kanggo hiu iki, Charcadon Megalodon, ing taun 1835,nalika panelitèn "Recherces sur" ana ing karyané "Les Poissons Fossiles" (Paneliten fosil iwak),kang rampung taun 1843.[5] Untu saka Megalodon C. kanthi cara morfologis mirip karo untune iwak hiu putih gedhé.[5] Adhedhasar saka asil panelitèn iki, Agassiz nglebokaké kéwan Megalodon iki ing génus Carcharodon. Yèn Jeneng ilmiahe C. Megalodon utawa asring uga sinebut hiu megatooth[6], utawa hiu putih raksasa, malah ana kang njenengi hiu raksasa.[7]

Untu Megalodon.

Fosil

C.Megalodon digambaraké ing cathetan fosil mligi déning untu lan balung centro burine.[6] Kayadéné kabèh iwak hiu liyané,wrangkané C. Megalodon iku dumadi saka balung rawan katimbang balung atose.[8] Asil panemon iki klebu specimen fosil kang paling sithik tinemu.[8]

Fosil Untu

Fosil kang paling umum saka C. Megalodon yaiku untuné. Karakter dhiagnistik untune C.Megalodon yaiku: wujudé segitelu, strukturé kuat,ukuran gedhé,griginé alus,lan kaya gulu kang wujudé V.[1] Untune C. Megalodon bisa nyandhak punjul 180 milimeter (7,1 inci) dhuwur miringé utawa diagonalé,lan klebu spésies gedhé dhéwé ing jajaran spésies hiu kang dikenal.[1]

Fosil balung

Fosil balung C. Megalodon uga terkadhang tinemu.[4] Tuladha kang paling pinunjul yaiku kolom balung buri kang diawetaké,kang dikedhuk saka lembah Antwerpen,Bèlgi déning M.Leriche ing taun 1926.[4] Spesimen dumadi saka 150 balung buri centro,kanthi centro kang gedhé dhéwé ukurané 155 mm.[4] Nanging para ilmuwan yakin yèn centrone Megalodon bisa luwih gedhé saka iku.[4] Panemon liyané ana ing lemah Gram,Denmark, déning Bendix-Almgeen ing taun 1983.[4] Spesimen iki kadhiri saka 20 balung buri centro, kanthi centro paling gedhene duwé ukuran sawatara 230 mm.[4]

Sebaran Fosil lan Umure

Fosil-fosil C. Megalodon wis dijedhuk ing pérangan donya endhi waé,kalebu Éropah,Amérika Utara,Amérika Selatan,Puerto Rico,Kuba,Jamaika,Austrakia,Selandhia Anyar,Jepang,Afrika,Malta,Grenadines,lan India.[4] Untu C. Megalodon uga wis dikedhuk ing laladan kang adoh saka bawana(tuladhané ing palung Mariana,Pasifik).[1] Megalodon kang terakhir urip diprakirakake ing jaman Oligosen Akhir, sawatara 28 yuta

taun kepengker.[3] Sanadyan fosil C Megalodon ana uga kang katut tinemu ing sanjabane lapisan watu strata tersier,Megalodon wis dilaporake urip ing jaman Pleitosen salanjute.[4] Dadi, dipitaya manawa C Megalodon iku cures nalika Pleistosen,kira-kira 1,5 yuta taun kapungkur.[6]

Anatomi

Saka akèhé spésies kang esih urip, hiu putih gedhé dianggep analoginé C.Megalodon.[1] Kurangé wrangka fosil kang tinemu gawé para ilmuwan gumantung karo morfologiné iwak hiu putih gedhé kanggo dhasar rekonstruksi lan ukuran estimasiné.[6]

Ukuran Estimasi

Karana isih fragmentaris,ngira-ira ukurané C. Megalodon iku isih babagan kang menantang.[5] Nanging komunitas ilmiah ngakoni yèn C. Megalodon luwih gedhé saka iwak hiu paus, Rhincodon typus.[5] Paneliten para ilmuwan difokusake marang rong aspek ukuran ya iku: dawane (total panjang) lan bobot awak.[4]

Megalodon duwé dawa kira-kira 40 kaki (12 mèter) utawaluwih.[4] Ana uga ilmuwan kang mrakirakake yèn dawane bisa nganti 50 utawa 100 kaki (15,5 mèter utawa 31 mèter).[6] Ukurane iki paling ora ping loro-telune Great White Shark (Hiu Putih Gedhe) nanging iki mung prakiraan saka saka akèhé fosil kang tinemu, ya iku untu raksasa kang ukurane padha baé karodawane tangane manungsa racaké.[4] Durung ana pérangan awak liyané kang bisa tinemu kajaba untune iki, dadi para ilmuwan nembé bisa mbadek padha karo apa kang katon.[4] Untune Megalodon iki mirib banget karo untuné Hiu Putih Gedhé (nanging luwih gedhé tur kandhel), diprakirakake yèn Megalodon iku manawa kaya versi raksasane Hiu Putih Gedhe.[1]

Prakiran Dawa Total

Ilmuwan kang sepisanan miwiti rekonstruksi rahang hiu dilakokake déning Profesor Bashford Dean ing taun 1909.[6] Saka rekonstruksi rahang mau, ilmuan iki duwé hipotesis kang nyatakaké yèn dawané megalodon bisa nyandhak 30 mèter (98 kaki), nanging ing wektu saiki asil hipotesis mau dianggep ora pas.[6] Sing dadi alesan ya iku kurange data babagan megalodon nalika jaman semana, lan ora akurate sistem strukturé.[6] Kanggo nglarasaké kabèh kesalahan mau para ilmuwan nggunakaké panemuan fosil Megalodon kang paling anyar lan dibandinggaké karo kawruh babagan pembandinge (hiu putih),manuhaké metode kang luwih kualitatif kanggo mrakirakaké ukurane dhedhasar gayutan statistik antara ukuran untu lan dawané awak ing hiu putih gedhé.[6]

Cara Mangan

Porsi mangané Megalodon énggal padha karo porsine Paus.[6] Iwak hiu rata-rata mangan sawatara 2 persèn saka boboté sabendinané.[6] Petungan iki rada padha karo anggoné manungsa mangan.[6] Miturut para ilmuwan,cokotané Megalodon luwih kuat ketimbang cokotané T-rex.[6] Diprakirakaké cara mangané padha kaya déné Hiu Putih Gedhé.[6]

Pratélan Pustaka

1. Informasi babagan megalodon (http://www.jawshark.com/megalodon_jawshark.html)
2. Wroe, S.; Huber, D. R. ; Lowry, M. ; McHenry, C. ; Moreno, K. ; Clausen, P. ; Ferrara, T. L. ; Cunningham, E. ; Dean, M. N. ; Summers, A. P. (2008). "Three-dimensional computer analysis of white shark jaw mechanics: how hard can a great white bite?" (http://www.bio-nica.info/Biblio

teca/Wroe2008GreatWhiteSharkBiteForce.pdf) (PDF). *Journal of Zoology* **276** (4): 336–342. doi:10.1111/j.1469-7998.2008.00494.x (https://dx.doi.org/10.1111%2Fj.1469-7998.2008.00494.x). Cite nganggo paramèter lawas `|coauthors=` (pitulung)

3. Haven, Kendall (1997). *100 Greatest Science Discoveries of All Time*. Libraries Unlimited. kk. 25–26. ISBN 1591582652.
4. (ing basa Spanyol)Bruner, John (1997). "The "Megatooth" shark, *Carcharodon megalodon*". Mundo Marino Revista Internacional de Vida Marina.
5. Nyberg K.G, Ciampaglio C.N, Wray G.A (2006). "Tracing the ancestry of the GREAT WHITE SHARK" (http://www.bioone.org/doi/abs/10.1671/0272-4634(2006)26%5B806:TTAOTG%5D2.0.CO%3B2). *Journal of Vertebrate Paleontology* **26** (4): 806–814. doi:10.1671/0272-4634(2006)26[806:TTAOTG]2.0.CO;2 (https://dx.doi.org/10.1671%2F0272-4634%282006%2926%5B806%3ATTAOTG%5D2.0.CO%3B2). Dijupuk 2007-12-25. Paramèter `|unused_data=` sing ora kawruhan dikiwakaké (pitulung)
6. Klimley, Peter; Ainley, David (1996). *Great White Sharks: The Biology of Carcharodon carcharias* (http://www.elsevier.com/wps/find/bookdescription.cws_home/673659/description#description). Academic Press. ISBN 0124150314.
7. Narrated by: Robert Leigh (2009-04-27). "Monster Shark (http://channel.nationalgeographic.com/series/prehistoric-predators/3573/Overview)". *Prehistoric Predators*. National Geographic.
8. http://web.ncf.ca/bz050/megalodon.html}

Artikel iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Megalodon&action=edit).

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Megalodon&oldid=1494739"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 03.19, 4 Oktober 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.